

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Wawacan Carita Kuya Kajajadén mangrupa buku koléksi ti Pabukon Departemen Pendidikan Bahasa Daérah, mangrupa citakan kadua medal taun 1916 di Batavia. Dicitak atawa disalin dina kertas HVS A5 anu jumlahna 84 kaca. Ngawengku 10 Pupuh, 19 Kanto/ épisod, jeung 429 pada. Dina ieu wawacan nyaritakeun ngeunaan Kuya kajajadén atawa nu biasa disebut Kuya jadi-jadian. Ti mimiti na anu sangsara tuluy papacangan jeung Nyai Putri. Ngalaman hirup nalangsa kulantaran diusir ti Nagara ku Raja. Antukna bisa hirup mukti wibawa, miboga karajaan sorangan, satuluyna ganti rupa jadi satria kasep. Sakabéh nu dipilampah teu leupas tina pasrah ka Pangéran dina ngalampah kahirupan.

Struktur anu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Aya 19 sub téma dina ieu *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*. Fakta carita dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* dibagi deui jadi tilu. Palaku, palaku dina ieu carita aya palaku utama nyaéta Kuya, dina ieu carita ngaran Kuya sababarahakali disebut. Kuya 122 balikan, Raja Kuya 57 balikan, Raja 18 balikan, gusti sabalikan, jeung kanjeng gusti sabalikan, palaku kadua nyaéta Nyi Putri, Raja sepuh jeung nini, palaku tambahan nyaéta Ua, patih anom, patih agung, jeung puri nu genep. Nu kadua nyaéta galur. Galur nu dipaké dina ieu *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta galur mérélé, sabab nyaritakeun bagian-bagian sacara ngéntép seureuh, ti mimiti nepi ka tungtung carita. Anu katilu nyaéta latar, latar ogé dibagi tilu nyaéta latar témpat, latar waktu jeung latar sosial. Sarana carita anu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta judul, puseur implengan, gaya basa, jeung simbol. Judulna nyaéta *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*. Puseur implengan dina ieu carita nyaéta jalma katilu-teu kawatesan, sabab museur kana karakter palaku, pangarang mosisikeun dirina salaku anu nyaritakeun guluyuran carita. Gaya basa anu aya nyaéta gayabasa *simile*, mijalma, lalandian, kadalon, rarahulan, jeung ngasor. Anu kaasup simbol dina ieu carita aya 31. Lamun ngeunaan pupuh, pupuh nu dipaké aya 10 nyaéta

Asmarandana, Sinom, Kinanti, Dangdanggula, Magartu, Mijil, Pangkur, Pucung, Gambuh, jeung Maskumambang.

Analisis ajén budaya dina ieu *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta ngaliwatan tujuh unsur budaya, nyaéta sistem religi jeung upacara kaagamaan, sistem organisasi kamasarakatan, sistem basa, sistem kasénian, sistem pakasaban, sistem pangaweruh, jeung sistem téknologi. Sistem religi jeung upacara kaagamaan anu dipedar nyaéta ngeunaan unsur kaagamaan anu dijerona aya ngadu'a, pasrah ka Pangéran jeung kapercayaan ka Alloh atawa Pangéran, nu kadua aya upacara kaagamaan nyaéta dina tradisi nikahan, anu saluyu jeung rukun nikah. Sistem organsasi kamasarakatan nyaéta ngawengku kulawarga di antarana indung, anak, rama, ua, jsté. Aparatur pamaréntahan karajaan anu diantaranya aya patih agung, amil, halipah, panghulu, mantri, jsté. Aparat anu ngatur kawinan, saperti panghulu jeung saksi anu mingpin lumangsungna kawinan. Sistem pangaweruh nyaéta ngeunaa alam sabudeureun, ngeunaan *flora* jeung *fauna*, ngeunaan pangaweruh pakakas sabudeureun, pangaweruh ngeunaan babagian awak, jeung pangaweruh ngeunaan tradisi nikah. Sistem basa dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta makéna basa Sunda asli. Nu dipaké basa Sunda loma jeung basa Sunda. Anu mangaruhana aya ti basa Indonesia, dina kecap *beribu, berhimpun*, jeung *kambing*. Aya ogé pangaruh basa Arab dina kalimah *insa Allohu ta'ala*. Sistem kasenian dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* anu kasebut nyaéta kasenian bodor ogél, dogdog réog, topéng ronggég, kendang penca, angklung, calung, golék topéng, jeung wayang kulit. Sistem pakasaban anu kapanggih dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta milir/ pakulian jeung tani. Sistem téknologi anu kapanggih dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* nyaéta alat komunikasi nyaéta surat, alat tranportasi mangrupa karéta, kuda, jeung jampana. Sanjata jeung waditra. Sarta raksukan jeung perhiasan saperti karémbong, emas, cingcing, kongkorong, jsté.

Sabada dititénan jeung umasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén ngaliwatan Kompetensi inti jeung Kompetensi dasarna, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMP kelas IX dina semester dua, nyaéta bahan pangajaran maca wawacan, dipidangkeun ngaliwatan cutatan/ penggalan téks wawacan.

Ulfah Fauziah, 2017

AJÉN BUDAYA DINA WAWACAN CARITA KUYA KAJAJADÉN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Dina hiji panalungtikan teu leupas tinu ngarana kaonjoyan jeung kahéngkérana. Sacara umum ieu panalungtikan miboga kahéngkérana dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan. Utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén budaya dina karya sastra utamana wawacan, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu patali jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) panalungtik satuluyna , 2) guru, jeung 3) masarakat.

Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan perlu dianalisis deui ngeunaan aspék séjén dina ieu *Wawacan Carita Kuya Kajajaén* sangkan pangaweruh dina ieu wawacan bisa leuwih ngajembaran jeung loba mangpaatna. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran maca wawacan di sakola. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudap karep pikeun mikawanoh kana karya sastra, utamana karya sastra buhun nyaéta wawacan sarta ajén budayana dipiharep bisa leuwih diajénan jeung dimumulé salaku budaya nu aya di Indonesia, utamana budaya Sunda. Dimimitian tina perkara nu leutik, ngajén budaya jeung karya sabudeureun masarakat.